Халық депутатлары Тахтакөпир районлық Кеңесиниң
Ш Е Ш И М И

2018-жыл «6»-январь № 31/98 Тахтакөпир районы

Тахтакөпир районының 2018-жылғы жергиликли бюджети параметрлери ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Бюджет Кодексиниң 27-статьясына муўапық (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2013 й., 52-I-сон; 2014 й., 36-сон, 452-модда) Тахтакөпир районы жергиликли бюджетиниң 2017-жылғы дәраматлары ҳәм қәрежетлери бойынша тийкарғы көрсеткишлериниң орынланыўы ҳәмде 2018-жылға белгиленген тийкарғы параметрлерин қарап шығып, Халық депутатлары Тахтакөпир районлық Кеңеси

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Тахтакөпир районы жергиликли бюджетиниң 2017-жылғы дәрамат ҳәм қәрежетлери бойынша тийкарғы көрсеткишлериниң орынланыўы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Тахтакөпир районы жергиликли бюджетиниң 2018-жылға мөлшерленген дәраматлар, мақсетли субвенция бөлеги 1-қосымшаға, қәрежетлери бойынша тийкарғы көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Тахтакөпир районы Финанс бөлимине белгиленген тәртипте тийисли жергиликли бюджетлерге қәрежетлер ҳәм бюджет ссудалары (дәрамат ҳәм қәрежетлер арасындағы ўақтыншалық касса айырмашылықларды қаплаў ушын) ажыратыўда, олардың муғдарларын район бойынша барлық салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң толық түсиўинен, сондай-ақ ис ҳақы (жеке социаллық төлем менен), напақалар ҳәм оларға теңлестирилген төлемлер бойынша бюджет қәрежетлери биринши нәўбетте сөзсиз қаржыландырылыўы зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда анықластырыў ҳукықы берилсин.

4. Тахтакөпир районы ҳәкиминиң биринши орынбасары Р.Данегулов тийисли мәкеме басшылары менен биргеликте:

бюджет дәраматларының тастыйықланған көрсеткишлериниң орынланыўын тәмийинлеў;

район ҳәкимлигиниң тийисли бюджетлер дәраматлары ҳәм қәрежетлери баланслылығына тәсир көрсетиўши норматив-ҳукықый ҳүжжетлерин финанслық

ҳәм экономикалық экспертизадан өткериў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Финанс Министрлигине усынып барыў;

аймақларда салық салыў базасын кеңейтиў ҳәмде финанслық жағдайын жақсылаў бойынша зәрүр иләжлар көриў;

бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы үстинен қатаң қадағалаў жүргизсин.

5. Районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Қ.Турсымуратов) район жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлегин салық түрлери бойынша асырып барылыўын тәмийинлесин.

6. Тахтакөпир районлық Финанс бөлими (З.Тажимуратов):

Тахтакөпир районы жергиликли бюджетиниң 2018-жыл даўамында жергиликли бюджет кәрежетлериниң қысқарыўы нәтийжесинде пайда болған қосымша қаржылар дереги есабынан районның социаллық-экономикалық раўажландырыў барысындағы ис-иләжларды әмелге асырыў ушын зәрүр өзгерислер киритип барыў;

бюджеттен қаржы алыўшылардың бюджеттен қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарлылығын терең анализ қылып барыў;

зәрүр жағдайда бюджет қаржыларынан сақланыўы тийкарсыз деп табылған ҳәм бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыў жағдайлары пайда болған бюджет мекемелерин қысқарттырыў мәселелери бойынша район ҳәкимлигине ҳәм тийисли басқармаларға усыныс киритиў;

Халық депутатлары Тахтакөпир районлық Кеңесине жергиликли бюджеттиң орынланыўы бойынша ҳәр шеректе есабат киритип барыў;

район ғазнашылық бөлими менен биргеликте бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы ҳәмде олардың мақсетсиз жумсалыўының алдын алыў үстинен ғазнашылық орынланыўы дизими арқалы қатаң қадағалаўға алыў тапсырылсын.

7. Шешим районлық «Тахтакөпир таңы» газетасында рәсмий түрде жәриялансын.

8. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Тахтакөпир районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына тапсырылсын.

9. Шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Халық депутатлары
Тахтакөпир районлық
Кеңесиниң баслығы: **Ж. Адилов**

Халық депутатлары Тахтакөпир районлық
Кеңесиниң 2018-жыл «6»январь
31/98-санлы шешимине 1-қосымша

Тахтакөпир районлық жергиликли бюджетиниң 2018-жылға дәраматлар бөлеги бойынша реже көрсеткишлери

№	Дәраматлар	*мың сум*
1	Қосымша қун салығы	8 581 026
2	Юридикалық тәреплердиң пайдасына салынатуғын салық	8 760
3	Юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	36 403
4	Физикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	175 518
5	Физикалық тәреплердиң дәраматына салынатуғын салық	2 674 215
6	Исбилерменлик пенен шуғыллаыўшы юридикалық ҳәм физикалық шахслардан алынатуғын қатаң белгиленген дәрамат салығы	397 550
7	Жергиликли салықлар ҳәм жыйымлар – жәми	511 912
8	Соннан, дийхан базарлардан түсетуғын бир мәртелик жыйымлар	170 666
9	физикалық тәреплерге бензин ҳәм дизел жанылғысы ислетилиўи ушын салынатуғын салық	261 602
10	Мәмлекетлик бажы	595 848
11	Суў ресурсларынан пайдаланғаны ушын салық	414
12	Бирден-бир салық	277 743
13	Абаданластырыў ҳәм Социаллық инфраструктураны раўажландырыў ушын салық	3 606
14	Саўда тараўы менен шуғылланыўшы физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң дәраматына салынатуғын салық	304 430
15	Бирден-бир жер салығы	187 479
16	Жәриймалар	259 424
17	ӨзР ИИМ Жол ҳәрекети қәўипсизлиги Бас басқармасы ҳәм оның жергиликли бөлимлери тәрепинен өндирилетуғын жыйымлар	8 226
18	Юридикалық ҳәм физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы	345 545
19	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық	20 704
20	Басқа түсимлер	107 702
21	**Түсимлер жәми**	**14 496 503**
22	Жергиликли бюджетке өткерип берилетуғын дәраматлар	25 596 075
23	**Субвенция –жәми**	-
	Соннан :	-
	Көп балалы ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларға напақалар ушын субвенция	-
	Билимлендириў мекемелери ис-ҳақы ҳәм ажыратпалары ушын субвенция	-
	Дәраматлар жәми	**40 092 579**

Халық депутатлары Тахтакөпир районлық
Кеңесиниң 2018-жыл «6»январь
31/98-санлы шешимине 2-қосымша

Тахтакөпир районы жергиликли бюджетиниң 2018-жылға қәрежетлер бөлеги бойынша тийкарғы көрсеткишлери

№	Қәрежетлер	*мың сум*
1	Аўыл хожалығы тараўына	360 927
2	Абаданластырыў басқармасына	2 678 616
3	Билимлендириў тараўына	23 569 133
4	Мәденият ҳәм спорт тараўына	863 631
	- мәденият ҳәм ғалаба хабар қураллары	295 166
	- спорт тараўына	568 465
5	Ден саўлықты сақлаў тараўына	9 270 416
6	Социаллық тәмийинлеў тараўына	396 956
7	Басқарыў уйымларына	1 563 365
8	Өзин-өзи басқарыў уйымларына	1 359 681
9	Басқа қәрежетлер	29 854
10	Балалы шаңарақларға ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларға напақалар	
	Қәрежетлер жәми	**40 092 579**